

## Aktivite pou aprantisaj nan klas

Teknik ki nan lis pi ba a pote plizyè benefis:

1. Aktivite yo pèmèt ou fè pratik ak materyèl la.
2. Aktivite yo mande pou etidyan yo pote atansyon epi pou yo vin absòbe nan aktivite a : sa se 2 kondisyon ki nesèsè pou aprantisaj la bay bon rezilta.
3. Ou kapab fasilman e rapidman estime si etidyan yo reyèlman metrize materyèl la (epi ou ka planifye pou w mete plis tan sou li, si sa nesèsè)

- 1. Amòs ann imaj** – Montre etidyan yo yon imaj san w pa bay okenn esplikasyon; epi mande yo pou yo idantifye oswa esplike imaj la. Ansuit mande yo pou yo jistifye repons yo bay la. Oswa mande etidyan yo pou yo sèvi ak imaj la pou yo fè yon redaksyon ki itilize mo yo te tande nan kou a, oswa pou yo site tout pwosede ak konsèp ke imaj la montre. Teknik sa a mache byen tou kòm yon aktivite an gwoup. Pa bay « bon repons » lan toutotan etidyan yo pa fin gade tout posiblite yo.
- 2. Gwo plan**– Distribye yon gwoplan kou w ap prezante jodi a. Men, ranpli sèlman kèk detay nan gwoplan an; mande etidyan yo pou yo fin ranpli gwoplan an nèt. Sa itil nan kòmansman oswa nan fen klas la.
- 3. Pankat repons** – Distribye (oswa mande etidyan yo kreye) yon seri kat menm fòm. Lè pwofesè a poze kesyon, etidyan yo ap ka leve kat sa yo anlè kòm repons tout moun ka wè. Egzanp: Kat vèt pou “vre”, kat wouj pou “fo”. Oswa ekri alamen yon gwo lèt byen laj sou chak kat ki va sèvi pou kesyon a chwa miltip.
- 4. Pikètbon opoze** – Mande klas la pou li egzaminen 2 vèsyon alekri yon teyori (oswa yon kowolè, lwa natirèl, eks.), kote youn pa kòrèk, paske l reprezante lanvè oswa negasyon lòt la. Pou yo rive deside ki vèsyon ki kòrèk, etidyan yo pral oblije egzaminen pwoblèm lan sou tout ang li.
- 5. Raple, Rezime, Kesyon, Konekte, epi Kòmante** – Apwòch sa a se pou kòmansè chak sesyon (oswa chak semenn). Demach sa a gen senk etap pou ranfòse materyèl nou te kouvri nan dènye sesyon an: repase l, rezime l, poze yon kesyon ke nou pa te ko reponn, konekte kesyon sa a ak rès kou a, epi kòmante sou dènye sesyon klas la.
- 6. Yon ti koze yon minit** – Etidyan yo ap ekri yon ti koze pandan yon minit sou yon kesyon presi (ki ka gen rapò jeneral ak kesyon “kisa ki pi enpòtan ou aprann jodi a?”). Aktivite sa a pi itil lè ou sèvi avè l nan fen sesyon klas la.
- 7. « Mwen bwè pwa nèt ! »** – Se menm ak « yon ti koze yon minit » la. Men, aktivite sa a mande pou etidyan yo ekri ki pwen ki “pi pa klè” pou yo – pwen ki fè yo « bwè pwa » nèt ! Aktivite sa a pi itil lè ou sèvi avè l nan fen sesyon klas la.
- 8. Desine pou konpreyansyon** – Chak etidyan nan sal klas la fè yon desen pou yon konsèp abstrè oswa yon lide. Lè ou konpare tout desen yo, sa ka klarifye sèten malantandi.

- 9. Ansèkle kesyon** – Prepare ann avans yon polikopye ki gen sou li kèk douzèn kesyon etidyan yo gen chans pou poze (ekri yo ak presizyon) sou tèm w ap kouvri jou sa a; mande etidyan yo pou yo ansèkle kesyon yo pa ka reponn yo.
- 10. Ki prensip ?** – Apre yo fin rekonèt yon pwoblèm, mande etidyan yo pou yo estime ki prensip pou yo aplike pou yo rive rezoud li. Sa va ede yo konsantre sou sèten KATEGORI pwoblèm olye de pwoblèm degrennen. Nou dwe fè yon lis prensip yo.
- 11. Vre oswa fo?** – Distribye ti kat referans (youn kat pou chak etidyan) kote gen yon fraz ki ekri sou chak kat. Mwatye nan kat yo ap gen yon deklarasyon ki vre, lòt mwatye kat yo ap gen yon deklarasyon ki fo. Chak etidyan ap deside si fraz pa l la vre ou fo, sou baz nenpòt pwosede li pito. Varyasyon: fè mwatye sal klas la tounen yon espas pou etidyan ki panse deklarasyon pa yo a vre, epi fè lòt mwatye a tounen yon espas pou etidyan ki panse deklarasyon pa yo a fo.
- 12. “Mond reyèl”** – Fè etidyan yo diskite nan klas la kòman yon sijè oswa yon konsèp gen rapò ak yon aplikasyon oswa yon pwodui nan mond reyèl la. Ansuit fè etidyan yo ekri sou sijè a kòm devwa lakay. Varyasyon: mande yo pou yo ekri repons yo sou ti kat referans.
- 13. Grafik konseptyèl** – Mande etidyan yo pou yo ekri mo-kle yo sou ti fich pou kolaj, e ansuit pou yo òganize ti fich yo kòm yon dyagram an kaskad. Sa ka fèt yon fason mwens fòmèl: etidyan yo tou senpleman trase koneksyon yo wè ki genyen ant konsèp yo.
- 14. Rezime an yon fraz** – Rezime yon sijè nan yon sèl grenn fraz ki ka reponn, nan yon fason ki kreyatif, kesyon ki baze sou kiyès / kisa / kilè / kibò / pou ki / kòman.
- 15. Direksyon pou modle fraz** – Mande etidyan yo pou yo reprann (san gwo chanjman; men, ak mo pa yo) pati yon leson pou yon piblik ke w ap chwazi (e pou yon objektif ke w ap chwazi).
- 16. Jounal sou yon mo** – Dabò, rezime tout sijè a nèt alekri ak yon sèl grenn mo. Ansuit itilize yon paragraph pou esplike chwa mo ou fè a.
- 17. Pawòl verite** – Ou ka fè aktivite sa a oswa pou entwodui yon sijè oswa pou tcheke konpreyansyon. Mande etidyan yo pou yo fè yon lis deklarasyon ki kòmanse konsa “ Se vre ke...” Echanj k ap vin fèt apre yo, sa ka demontre kòman konesans pafwa gen sans an daki.
- 18. Opoze** – Pwofesè a ap ekri youn oswa plizyè konsèp, epi se pou chak etidyan vini ak yon lòt konsèp ki vle di lekòtrè (antonim), epi chak etidyan ap defann chwa yo a.
- 19. Kadriyaj pou ak kont** – Etidyan yo ap fè yon lis rezon ki ta fè yo swa dakò swa pa dakò sou yon sijè.
- 20. Fè rekòt** – Apre yon esperyans oswa yon aktivite nan klas la, mande etidyan yo pou yo reflechi sou “ki sa?” y aprann la a, “e alò?” (pou kisa bagay la enpòtan e nan ki sa li foure yo), epi “kounye a ki sa n ap fè ak sa?” (kòman pou n aplike l oswa fè bagay yo yon lòt jan).
- 21. Travay rekonèt pwoblèm** – Ofri etid sou ka ki prezante diferan kategori pwoblèm, epi mande etidyan yo pou yo idantifye ki KATEGORI pwoblèm (yon aktivite ki pa menm ak rezoud pwoblèm lan).

- 22. Panse-Asosye-Pataje** – Chak etidyan ap pataje plizyè repons posib sou yon kesyon avèk yon patnè, epi y ap konpare repons sa yo anvan yo pale ak tout rès klas la.
- 23. Sajès yon lòt moun** – Apre chak etidyan fin fè sèvo l travay oswa mennen yon aktivite kreyatif, ba li yon patnè pou yo pataje rezilta yo ansanm. Apre sa, rele kèk volontè pami etidyan ki twouve travay patnè yo a enteresan oswa reprezante yon bèl egzanp. Pafwa etidyan pi dispoze prezante devan tout gwoup la travay yon lòt kanmarad pase pwòp travay pa yo.
- 24. Deba fòse** – Etidyan yo, 2 pa 2, ap twoke kòn nan deba. Men, fòk yo defann yon pozisyon ki kontrè ak opinyon pèsonel yo. Varyasyon: Mwatye klas la pran yon pozisyon, lòt mwatye a pran yon lòt. Yo aliye e yo fè faskare. Chak etidyan gen dwa pale yon sèl fwa sèlman, dekwa pou tout etidyan yo sou tou 2 bò ka di mo pa yo sou sijè a.
- 25. Revizyon sou bwouyon yon kanmarad ekri** – Pou ede etidyan yo ak devwa kote yo gen pou yo ekri, ankouraje yo boukante bwouyon ak yon patnè. Patnè a li bwouyon etidyan an ekri, epi patnè a ekri yon repons an twa paragaf: Premye paragaf la trase fòs bwouyon an, dezyèm paragaf la diskite pwen ki fèb nan bwouyon an, twazyèm paragaf la se yon deskripsyon sou ki sa patnè a ta konsantre revizyon l yo, si se te bwouyon pa l.
- 26. Psikanaliz** – Etidyan yo asosye 2 pa 2, epi youn bay lòt antrevi sou yon leson yo fèk aprann. Yo dwe santre senpleman sou analiz materyèl la olye de memorizasyon pakè. Men yon echantyon kesyon pou antrevi a: Èske ou ka dekri pou mwen sijè ou ta renmen analize jodi a? Ki atitid ouwa kwayans ou te genyen avan sijè sa a? Ki jan atitid ouwa kwayans ou chanje apre ou fin aprann kichòy sou sijè sa a? Ki jan aksyon w ouwa desizyon w pral chanje (oswa ki jan yo deja chanje) sou baz sa ou aprann sou sijè sa a? Ki jan fason ou wè lòt moun ouwa lòt evènman chanje?
- 27. Jedpasyans (Gwoup ekspè)** – Bay chak gwoup yon sijè diferan. Pandan w ap melanje moun nan gwoup yo, pwofite pou w enfilte yon “ekspè” sou chak sijè nan chak gwoup. Ekspè sa a pral gen pou l anseye nouvo gwoup li a.
- 28. Wotasyon tablo an tablo** – Apwente diferan gwoup etidyan pou travay sou chak tablo ki deja nan sal la (4 tablo ouwa plis menm bay pi bon rezilta), epi chwazi yon sijè ouwa yon kesyon pou chak tablo. Apre chak gwoup ekri yon repons sou tablo pa l la, yo vire al sou yon lòt tablo kote yo ekri repons pa yo pou sijè sa a anba premye repons ki te la a, suitansuit tout otou sal la.
- 29. Reyaksyon sou prezantasyon**– Divize klas la an 4 gwoup apre yon seminè: Moun ki la pou poze kesyon (omwen 2 kesyon ki anrapò ak materyèl la), moun ki la pou bay egzanp ouwa aplikasyon), moun ki la pou yo pa dakò (yo dwe an dezakò ak kèk pwen nan seminè a), epi moun ki la pou yo dakò (yo dwe esplike sou ki pwen yo dakò ouwa ki pwen ki te parèt pi itil). Apre diskisyon, bay yon kontrandi pou tout klas la.
- 30. Definisyon ak aplikasyon** – An gwoup, etidyan yo ap bay definisyon, koneksyon epi aplikasyon pou konsèp ki te diskite nan seminè a.
- 31. Etidyan yo kreye tablo kreyen vivan ouwa yo bati modèl** – Plizyè gwoup etidyan kreye sèn vivan (oswa sèn sou objè inanime tou) ki gen rapò ak konsèp nou wè ouwa diskisyon nou fè nan klas.

- 32. Ranje altènativ nan lòd** – Pwofesè a bay yon sitiyasyon, tout moun reflechi pou yo vini ak otan altènativ yo kapab (oswa esplikasyon pou sitiyasyon an). Mete tout ansanm nan yon lis. An gwoup, kounye a, ranje yo an lòd selon preferans nou.
- 33. Kesyon etidyan (desizyon gwoup yo)** – Sispann kou a, gwoupe etidyan yo 4 pa 4, mande yo pran 5 minit pou yo decide ki grenn kesyon yo kwè ki kapital pou ou ta reponn tousuit.
- 34. Kesyon egzamen ke etidyan yo ponn** – Etidyan yo ap kreye yon seri kesyon ki gen anpil chans parèt nan egzamen an epi y ap montre ki sa repons yo ta dwe ye. Varyasyon: menm aktivite a; men, ak etidyan an ekip, youn ap pran tès plòp plòp lòt la.
- 35. Jwèt kat sou kesyon ki ekri an yon minit** – Mande etidyan yo pou yo ekri yon kesyon ki byen sènen materyèl la. Men, yo pa dwe pran plis pase yon minit. Epi ranmase tout fèy yo. Rebat fèt yo (tankou yon je kat) epi redistribiye yo; mande chak etidyan pou li reponn nouvo kesyon li leve a. Sa ka kontinye pou yon dezyèm oswa yon twazyèm pati avèk menm kesyon yo.
- 36. Kòmantè anonim pami etidyan yo** – Pou prezantasyon etidyan yo oswa pou pwojè an gwoup, ankouraje etidyan k ap obsève yo pou yo bay reyaksyon ki kare. Mande pou yo dekoupe yon paj an 4 ka epi ekri kèk kòmantè pou chak prezantatè. Plizyè varyasyon posib pou ou “fòse” sèten tip kòmantè an patikilye (paregzanp, egzije pou chak etidyan bay 2 konpliman epi 2 kòmante ki pou amelyore prezantasyon an). Ansuit, mande etidyan yo pou yo kreye yon lo kòmantè pou Etidyan X, yon lòt lo pou Etidyan Y, eks.
- 37. Ouvri vàn lide devan tablo**– Etidyan yo ap lanse a hot vwa konsèp ak tèm ki gen rapò ak yon sijè ou pral entwodui; pwofesè a ekri yo sou tablo a. Si posib, gwoupe repons yo an kategori pandan w ap ekri yo sou tablo a. Sa ka mache pou jije nivo konesans etidyan yo gen deja epi tou pou santre atansyon yo sou sijè a.
- 38. Se lakrè ki pou pale** –Mande etidyan yo pou y ale sou plizyè tablo toutotou sal klas la, epi louvri vàn lespri yo pou jwenn yon dividal repons apati de yon amòs oswa yon devwa . Men, mande pou pèsonn pa di yon grenn mo. Sa ka fèt an gwoup tou.

Nou pran lis sa a nan sit entènèt :

[http://fctl.ucf.edu/TeachingAndLearningResources/CourseDesign/Assessment/content/101\\_Tips.pdf](http://fctl.ucf.edu/TeachingAndLearningResources/CourseDesign/Assessment/content/101_Tips.pdf)